Nomer 24 — Salasa 13 December 1927 (18 Djoemadilakir 1346) — Taoen ka 4

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon Bestuur Pasoendan Bogor.
di Tjiandioer Bestuur Pasoendan Tjiandioer.
Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

# SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun noe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Dicetak di Drukkerij Soerabaja Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis.
Djawa wetan. Bestuur Tjabang Pasoendan. Soerabaja.

Redaktoer: SOETISNA SENDJAJA ATMAWINATA
Redaktoer di Batawi SOERIADIRADJA.

KARANGAN adresna ka REDACTIE Heerenstraat 31.
POSTWISSEL sareng serat noe sanes deui ka ADMINISTRATIE Tjimoeloeweg No. 12 Tasikmalaja.
LANGGANAN. 3 sasih f 1,50 Dibajar tipajoen. Salambar 15 sen.

Pangaos ADVERTENTIE:
1/16 katja f 2,50 / 1/32 „ f 1,50 — Sakali moat dibajar ti pajoen
Langganan langkoeng mirah.

## Noe leutik mah ting djarerit.

Katjida ngarasa pinanggih reudjeung kanimatanana, ngintip elid-elid bangsa pribоemi djeung s-bangsana, anoe kaom kentja, ngadoe renjom di Volksraad. Ti oenggal madhab ditembongkeun ka hareup ka—teu—soegemaanana, rame pada soson-soson ngabidjilan, garetol daraek itikoerih. iwal ti nagara Soenda anoe teu pati (atawa euweuh corr?) kawawarkeun ka loear kasoesahanana.

Sanadjan eakitoe ramena noe njararita, tapi aja keneh bae teu njoem ponanana kana kahajang koering mah, njaeta koe sabab arandjeunna ngan ngadadar di pertengahan djeung di loehoer bae, ari tahapan handap mah kaloeli loeli. Geura mangga oeng kab, da teu aja noe njarioskeun hiroepna djeung soesahna oerang lemboer mah. Kitoe deui teu aja noe naloengtik kaajaan noe balantik saoetak saeutik atawa kaperloean padoekoehan pilemboeran djeung noe matak djadi kasoesahanana.

Sabahna lantaran teu katepi koe arandjeunna pikirna anoe leutik, soesahna para somahan, ngan oekoer ka taringali babadegna bae, ari batinina mah kaloeli-loeli. da teu kaintip koe manahna tea.

Lamoen sing sakoemaha tjariosanana Djrg. Moeis anoe aja dina L. Domas dikatengahkeun, tada temen hadena. Komo leuwih hadena deui. lamoen leuwih djero digambarkeunana koe tjarita, koemaha hiroepna oerang lemboer. Tjatjakan kakara koe sakitoe oge tjariosanana Djrg. Moeis, oerang geus oenggoet-oenggoetan matjana, ngaenjakeun, bakating koe tjotjog. Tapi eta noe disaoerkeun koe djrg. Moeis teh teu atjan pepek pisan, masih loba atawa aja keneh anoe teu kasaoerkeun

Lolobana anoe didaladarkeun di Volksraad, sarta anoe katjida djadina alatan kana banjak tjing tjong teu aja lian kadjaba ti oeroes-oeroesan taladjakna para antenar, djeung bab gadjih. Geura mangga intip.

Djoeragan Kerkamp c. s. moendoet gadjih Daliktoer-Daliktoer ditaekkeun disaroeakeun djeung Ideler.

Djrg. Meyer Ranneft c. s. moendoet gadjih Eur, B, B. dihadean, pikeun pangoepah-ngapeh.

Djrg. Stokvis c. s. moendoet ngomean gadjih Kadaster-Kadaster.

Djrg. Ratulangie c.s. moendoet ngomean gadjih Schoolopzieners, malah motiena geus katampi.

Djrg. Soetadi c. s. moendoet ngomean goeroe goeroe bantoe.

Djrg. Jahja c.s. moendoet ngomean gadjih Inl. B.B. di Soematra.

Toeh, sakitoe ngabroelna teh, mani tjara noe jring-iringan, paboro-boro. pada bajang ngadjagoan.

Koemaha koering mah, lain koe sabab leuwih njaah ka noe leutik, bet seuri, nendjo noe tjioko teh, lali kana kasoesah batoer. Kapan menreun aroeninga jen bahroeting ajeuna teh koerang 5 malioen. Komo lamoen pamoendoet-pamoendoet noe di loehoer dikaboelkeun kabeh, geura sabaraha pitekoreunana.

Koe saha eta tekor teh koedoe diomeanana, ditambahanana? Lain koe doe koe padjeg! Ari padjeg teh ti saha (boh noe direct, boh noe indirect)?

Masih-masih lamoen sanggeusna aja noe dikaboelkeun teh; puun; teu aja deui noe njirik, koemaha lamoen broel deui bae noe njoehoenkeun, rek dikoemahakeun? Ari lalaharna kieuna teh, anoe tangtoe tea kadjadianana. Toengtoengna moal aja eureunna, meureun saoemoer oemoer bae pikitoeeunana teh.

Kantenan, ari dirobah-robahna mah boeroehan teh koedoe, noeroetkeun djaman djeung kaperloean tea, tapi koedoe normaal, oelah abnormaal tjara di Indonesia. Estoe oenggal oesik ngarobah teh.

Geura eta bae, ti djaman goemelar B.B.L. nepi ka ajeuna, robahan-robahan teh meh saban taoen bae, toer padahal eta teh tjenah geldig keur 5 taoen, tapi ari achirna mah kitoe tea bae, sanadjan koe robahan noe laloetak-laleutik oge tangtoe bae matak ngagojangkeun golongan noe sedjen, njirib ka noe meunang milik tea.

Ari dipikir-pikir mah nja salah keneh salah keneh noe ngatoer bae. sok „tjoetjoek mata" tjeuk noe ngarasa disapirakeun :mah, meureun.

Tjek koering noe tjlo di tengah-tengah alias netral, ka si Leutik njaah, ka Antenar hawatos, poegoeh bae poer pisan kana ngomeanana gadjih teh, tapi lain ngomean paoenggoel-oenggoel, pagede - gede; B.B.L. tea koedoe diganti samasakali pitjeun, . . . . . bae pitjeun. tjloengng . . . . . ka Tjiliwoeng.

Keur naon diajakeun oge, noengtoen kana sangar bae, teu aja pisan moedjidjatna. Estoening ti barang goemelar matak tjape hate. anoe ngeunah mah . . . . ngeunah halon, tapi ari anoe sedih, teu aja pisan geusan ngarajakeun pikirna.

Nomer kahidji anoe panggorenggorengna B.B.L. malah mindeng pisan dita'oedanana, dina ngabeda beda getih, panas djeung tiisna, koe warna ning schaal. aja schaal A. B. djeung C. Ieu noe djadi oelon-oelon kana sisirikan teh. Dina hidji bangsa tjara tjap Inlander, aja noe asoep ka A, aja noe ka B. malah aja noe ka C. Kitoe deui bangsa paranakan paranakan kabeh ka B. djeung C. saoerang oge teu aja noe njasab ka A. (Leuheung oentoeng nja!).

Demi schaal C. keur kaom pang atji-atjina, meureun di ditoena mah. (Poegoeh , . . . . ngeunah tjeuk itoe. repot di djisim).

Tah dina hal ieu moenggoeh koering, sareboe teu panoedjoe. ngabeda beda teh, koedoe poekoel sama rata sadja, oelah make aja girang, djeung hilir tjara dina ondangan (rioengan) anoe masih mabok keneh koe toeroenan atawa kapangkatan. Poegoeh . . . . ari bedana tea mah memang koering oge poer pisan ajana, tapi lain keur oenggal sirah, tapi woengkoel ngan pikeun pagawe anoe toelen. sakoeroenjoeng ti Holland bae, dibedakeun koe hidji troepen toelage, minangka pameuli soeka digawe di Indonesia. sarta pangoepahan daek ninggalkeun le mah tjaina, tjara bareto pisan beubeunangan. salaris commissie noe pang mimitina pisan noe di presideuan koe Direkteur G.B. noe ajeuna asana, wak toe andjeunna djadi keneh Burgemeester di Samarang.

Gedena eta toelage oelah noeroet keun kamenakan atawa kapangkatan atawa pagawean, tapi koedoe noeroetkeun studiena, naha rek f 150 ti sakola loehoer, f 100 ti sakola pertengahan djeung ti f 50 ti sakola handap; eta mah noeroetkeun koemaha rempoegna bae.

Eta mah anoe masih keneh ngoekoehan kana sabab beda behoeftena (kaperloeanana) bangsa pribоemi djeung asing, kadjaba ti koedoe diseboet kaom bedil Soendoet teh, koedoe diembohan deui koe panonna beunta tapi lolong, tjeulina molongo tapi boedeg, teu malire kana obahna djaman, api-api teu neuleu djeung teu ngadenge kana kabeledjaganana oerang pribоemi.

Geura mangga noe aja dina schaal B. asoran gegetoek djeung boeboej hoei, saroea bae rampoesna teh djeung schaal A. Njakitoe deui schaal A. disodoran kopi soesoe, poegoeh bae saroea beukina teh, bet moal datangka oetah. Atoeh opvoeding keur boelak A djeung B., presis sajali tiga oeang, aja noe hade djeung aja noe goreng; aja noe royaal djeung aja noe schraal.

Tjenah eta schaal B. gawena teh keur pameuli soeka tjara C; oepamana.

Heuheujjj deuh!!! Tjeuk koering Ze hebben te leren en te sterven hier te lande en ze zijn hier geboren en getogen, saness!?

Nomer kadoea noe a'oedoebillah mintjoelakna B.B.L. teh dina verhoudingna boeroeh estoening sabehditoeeun ti abnormaal. Geus poegoeh koe tadi, kolom - kolom djeung schaalschaal tea, ieu mah di noe saschaal oge geus tapaoet, ngan oekoer dina gadjih mimiti padeukentna meueusan teh, ari geus rada anggang mah, amboe . . . . bedana hani di alak paoel. Boh dina toengtoengna gadjih, boh dina verhoogingenna, boemi djeung langit teh saenjana.

Teu oemoem bae geura, ari ti sasakola handap mah [illegible] meunang gadjih 5 atawa genep ratoes, ari ti sakola pertengahan tjlek doea tiloe ratoes. Saha, geura noe rek njeboet adil?

Anoe pada-pada ti sakola pertengahan, itoe mah bisa nepi ka lima ratoes, ari ieu mah moelek dina tiloe ratoes. Dimana rek diseboet adilna?

Djaba ari boga hak kana buitenlandsch verlof mah, geus teu koedoe ditjaritakeun deui. Geuning bareto dina 6—7 boelan ka toekang koe koering oge geus didadarkeun, dina artikel soesoeganan.

Tah beda-beda (verhouding) noe bieu teh, tjeuk koering mah tjoetjoek, matak noengtoen kana kaontevredenan.

Djaba ti eta anoe hese dibedabedana teh dina verantwoording, hese lantaran teu aja oekoeranana. moal beunang ditaker, estoe ngan koe kira-kira bae, noeroetkeun rarasaan noe nimbang. Pari basa geuning noe matak koedoe beda pisan teh, lantaran tanggoeuganana pohara gedena. Ieu oge, tangtoe djadi lantaran teu dipikaloetjoena eta B. B. L.

Ari hesena njieun atoeran gadjih memang koering oge moal ngabibisani, tapi ari boeboeatan, tjara noe ajeuna mah (B. B. L. tea) eta mah djiga pohara Kolonialistischna djeung teu adilistischna, sabab aja noe goed bedeeld djeung anoe misdeeld.

Meudjeuhna, ari koe kitoe tea mah, rek rareangna, menta dibalenerkeunana teh, da benerkeuneun.

Koemaha menerkeunana, nja teu ngaborongkeun, ngan oelah los kana pegede-gede tea bae, bisi matak bangkroet.

Geuning di Europa oge gadjih-gadjih teh teu maroeloek tjara di oerang.

Tjindekna mah, tjeuk koering soteh, lain koedoe ditaekkeun lobana gadjih tapi noe perloe diomean teh, B. B. L. oelah make schaal A. B. C., sama ratakeun, ngan make troepen toelage tea.

Verhouding gadjih sing bener, noeroetkeun studiena (lilana), oelah diembohan koe itoe koe ieu, sok tara bener praktijkna.

Sing poegoeh goendoekna moen Inl. onderwijs, Inl. onderwijs sing woengkoel, moen Europeesch sing Europeesch, oelah make sambara deui, koe getih tea, koe koelit tea, koe bangsa tea. Barabe!

Lager-, voortgezet-, middelbaar djeung hooger onderwijs sing merenah.

Dina ajana keuze-betrekking, oelah sok noe lain-lain. Koedoe balener badamina djeung oenggal oenggal vakvereeniging. Dina badamina deui, oelah sok aja perkara nipoe merdaja, ana kaboker sok rewel, geus bae teu aja toengtoengna.

Kadjaba ti noe geus diseboetan di loehoer teh, ingetan koering aja deui noe koedoe didjaga koe pamarentah, nja eta dina marktwaarde. Da sanadjan noeroetkeun invloed ti piloearan oge, ari didjaga bener bener mah koe bangsa financieele-politicus, meureun moal sakoemaha adjol-adjolanana. Geuning boekti karadjaan Duitschland, anoe sakitoe geus tidjoengkelna, ajeuna bet moentjoel deui bae.

Pirakoe karadjaan Walanda make kaboler kabina bina teuing, kapan dina basana oge bedjana mah katjida mimisananana.

Naha teu era naha teu isin koe batoer? Koe ingetan koering, tjek sakieu-tjek sakieu oge, ari bener tatandinganana mah gadjih teh tangtoe moal rewel tjara ajeuna, meuseun talibra bae, da sok sili deuleu djeung batoer atoeh, lain koe behoefte-behoefte teuing, sisirikan bakoena mah.

**Oea Nany.**

## Is Bantam een nul???

Djisim koering noelis ieu karangan teh sanes kabaoed koe hate sirik, ata wa kagoegat koe noe lian; malah saenjana mah angen angen sim koering noe ajeuna diebrehkeun di dieu teh geus dikemoe ti baheula, ngan kaka ra ajeuna datang ka mangsa nepi ka djangdji silanglang di leuwi Sipatahoenan, kokodjajan teuteuleuman. mi pir-mipir birit leuwi, malah mandar aja welasna Soenan Amboe kagogo kantjra emasna.

Sedih koe milik, nalangsa koe kadar, njoreang ka bandjar karang: Serang beuki ngarangrangan, Rangkasbitoeng seuseut nangtoeng, Tjilegon ngan bati njamos, Pandeglang seuseut roemingkang.

Ari milik tea mah lain anoe koering teuing ngan koe asa ambon bae da ngan sakitoe noe aja; keur sakitoe kitoena teh ajeuna mah lapoer pisan djadi Innalilahi enz. Asal euweuh djadi teu aja. Noe dikantoen bati ngoe ngoen, noe aja kamemelangan. koe noe euweuh geugeut nineung.

Kamelang teh nja eta OSVIA di Serang, noe ajeuna ngan kari gedongna, bangoen mesoem semoe aloem, lir soekma tinggal koeroengan Ari koe geus teu aja onaman, nja moal koemaha, ari geus nepi ka titis toelis mah, djasmani ninggalkeun djisim, dipoendoet koe noe kawasa, ngan kari ngado'akeun bae di „ditoena" sing meunang rahmat, kadjoeroeng koe para Rasoel, katampi koe para Nabi. AMIN . . . AMIN . . .

Parandene kitoe, moen djoeal meuli tea mah rek keukeuh nawar. panjombo oelah nalangsa teuing. Kahajang simkoering mah oendoerna OSVIA tina medan teh djol bae digantian koe MULO, soepaja oelah djadi tjawerang kana pasamoan, moen pasamoan tea mah

Eukeur mah Banten teh sarepi dja rempling keneh balas diamoek Rakata baheula (1883 aja 24000 noe maot) toeroeg-toeroeg pangaboga noe ngan sakitoe kitoena teh, noe minangka goe noeng pananggeuhan, papaes nagri ajeuna leungit pisan, mani asa neudjo noe lolong leungiteun iteuk. Kakara oge aja dangiangna; moen noe imah imah tea mah kakara rek boga pakaja, kaboeroe pepeten leungit.

Dina ilaharna, dajeuh atawa nagara noe madjoe teh, anoe rendang koe sakola, noe karaksa koe hospitaal, noe niotjok koe gedong-gedong; reuaj anoe terpeladjar, tjoekoep noe ngaragem elmoe; anoe tani soegih moekti, anoe dagang beurat beunghar.

Di lebah nagara noe kieu. geus mo salah deui: Menak teurak marentahna. Pangagoeng dipoendjoeng-poendjoeng, semah saroegema senang.

Koemaha ari di Banten???

Sapanendjo djisim koering henteu aja sala sahidjina tina anoe ditataan di loehoer.

Djisim koering neundeun kapertjajaan gede pisan ka Pamarentah; pertjaja kana adilna, palamartana. asihna toweksana enz. Pertjaja jen andjeunna moal weleh-weleh ichtiar arek nga madjoekeun rahajatna.

Djisim koering moal ngarawoe koe sikoe. bade njoehoenkeun saroepa bae heula, nja eta, soepaja di Serang di ajakeun MULO minangka „gaganti" OSVIA noe leungit. Tjek emoetan asa sapantesna di Serang di ajaan Muloteh. Lain djadi MADJOENA Banten tapi djadi gede hate rahajatna, hiroep panghirepanana, ngagedean kapertjajaanana anoe ahirna leuwih gedepamoelang tarimana. Antoekna pisan senang ka loehoer ka handap.

Tjenah eta di Serang mah tariiseun, teu aja keur nambahan loeang.

Loeang noe koemaha?

Tjek emoetan loeangna djelema teu kedah ti Jaarbeurs bae, teu kedah ti Koningsplein bae, teu kedah koe aja Pasardjohar bae, teu kedah moeloeng ti Ketabangboulevard bae. Malah oepami dilenjepan mah: Nagri resik narik bihari, kota lega rea gogoda, dajeuh rame loba tjerewed. Sabalikna: Nagri leutik narik wening, dajeuh heureut hate reugreug, kota sirna tara rempan. (Lain ari leutik kawas Tjibeomah).

Eta bae geura Kweeksch. Goenoengsari, ti Batawi hiber ka Lembang. Dasar moeridna rek madjoemah, nja madjoe bae; teu kalis koe distrik leutik, teu madjar djaoeh ti Bandoeng. Padahal moen rek parameramе tea mah rame di Serang. Djadi komo deui Mulo di Serang.

Bener di kota gede sagala teu koerang anoe sakira njombo kana hate moerid. Bioskop kari laladjo, Boulevard kari ngalanglang, Feestterrein asal ngerentjeng. Tapi sabalikna: Loba iblis njiliwoeri, setan minda minda roepa loba gogoda di djalan. Da sering manggih noe geulis, biasa mendak noe lendjang, njaho-njaho geus rek potol.

Tjenah eta di Serang mah koerang pimoerideun.

Sabaraha perloena?

Memang teu salah, jen oepama Mulo di Serang koedoe diasoepan koe oerang Banten woengkoel moal sabaraha, kitoe soteh koe anoe ngan arek ka Mulo bae woengkoel, anoe moal teroes MOSVIBA, HIK, AMS, enz. enz. Tapi apan ajeuna mah Mulo teh djadi djambatan antara HIS (ELS) djeung sakola MOSVIBA, HIK, HMS, AMS enz. tea. Djadi asa moal koerang pimoerideun da anoe rek djadi BB, Goeroe, Insinjoer, Hakim, Doktor, enz. enz. koedoe ka Mulo heula. Dalah oerang Bantenna woengkoel teu saeutik-eutik teuing, oerang itoeng kieu: Di Banten aja 4 HIS,

3 ELS. 3 HCS (Part) (?) djeung hidji NIV, djoemblah 11 sakola. Oepama ditjokot ratana ti hidji sakola opat a lima kjadi 40 a 50 moerid, asa mokaha.

Samboengeun.

## Tjariosan Djr. O. Soebrata di Volksraad.

Djr. Latu Langie njanggakeun mosi, anoe maksoedna njoehoenkeun soepaja para schoolopzieners djeung hoofd schoolopziener, lantaran beurat djeung gede tanggoengan dina perkara ngadjalankeun padamelanana ditambahan gadjihna, djoer. Soebrata ngiring njarios maparin katerangan, koe margi andjeunna ngiring neken eta mosi.

Djoeragan Voorzitter! Djisim koering teu kinten pisan panoedjoena kana eta mosi. Ngan handjakal pisan teu tiasa pandjang lebar njarioskeun naon sabab sababna noe matak pohara ngaroedjoekanana, koemargi kawidian njarios waktosna teu kinten samporetna.

Sanaos koe emoetan kirang leresna ngabandingkeun schoolopziener sareng assistent-wadana, koemargi dina doea ieu padamelan benten-benten tanggoengan sareng hak-hakna, djisim koering satiasa tiasa hojong medar tina ieu hal.

Dina tjampoer gaoelna oerang priboemi noe djadi goeroe priboemi di H. I. S. teh disaroeakeun sareng noe djadi tjamat Doepi noe djadi schoolopziener pitangtoseun bae pangkatna teh kedah aja saloehoereun goeroe noe di H. I. S. Djadi saoepami tiasa mah dina B.B L. 1925 noe djadi schoolopziener teh ditempatkeunana dina kolem sed bae handapeun Wadana, namoeng saloehoereun Tjamat. Diplomana (pangadjaranana) pitjamateun sareng piopziënereun teh. koe timbangan djisim koering sami. Sapalihna ti eta ari pangkat tjamat mah tiasa kaoedag dina lebet 6 taoen namoeng kaopzieneran nembe. oepami parantos dines 10 taoen, katambih tambih ieu mah pilihan deui, di djadikeunana teh.

Padamelanana noe djadi hoofdschoolopziener (priboemi) teu benten sareng noe djadi adjunct inspecteur Eropa, noe sadjabina digadjih f 900,— teh kenging ngadamel deklarasi oewang djalan sareng daggeld. Noe djadi hoofd schoolopziener gadjihna dina sasasih f 350 ditambihan f 100 reistoelage, nja eta pikeun ongkos-ongkos marios meh sa-provinsie Pasoendan, ataupi sa - Djawa - wetan. Pitangtoseun pisan koe djisim koering oge moal dipoengkir jen koe kasjaan vooropleidingna noe djadi adjunct inspecteur Europa teh, ditambahan hak hakna, namoeng koe raraosan dina perkawis gadjih teh pohara teuing ageung bentenna, katambih apan noe djadi adjunct inspecteur mah aja keneh bae oedageunana.

Djoeragan Voorzitter! Nambihan ga djih antenar priboemi, noe kaoenggel dina mosie tea, kaemoet koe djisim koering teu kinten perloena. Sapamendak djisim koering, kenging disebatkeun meh sakoemna golongan goeroe priboemi teh, kaasoep kana golongan-sanaos teu dianak terekeun oge ari disebat sae mah kengingna pangoeroes henteu. Mangka mangka apan nja golongan eta anoe mashan pangadjaran ka abdi abdi priboemi. Sok sering naros pribadi, koemaha Hindia Nederlan pikapajoeneunana. saoepami baroedak priboemi kenging na pangadjaran teh-sanaos nce djadi goeroena henteu mantra mantra atjan kana gadoeh tekad ngahadja-ditjamporan koe baha katoegenahan.

Hatoer noehoen, djoeragan Voorzitter!

## Oentoeng roegina pabrik teh oerang priboemi. djoealeun di pasar Europa.

Samboengan III.

Wintjikan roepa roepa ongkos, noe kaasoep kana modalna keringan:

Dina 1 pond kering ongkos ngagiling djeung transport tepi ka Batawi ± 8 sen. kitoe soteh lamoen beubeunanganana dina sataoen 150,000 pond Administratie, afschrijving djeung padjeg 7 sen. Transport ka Londen 12 sen, ongkos lelang djst. ± 10 sen. Djadi modalna sapond kering kaloearan pabrik priboemi. noe teu ngaloearkeun ongkos-ongkos pikeun miara kebon, nitih 40 sen. Pikeun njotjogan minangka saksina, jen enja kira-kira sakitoe bener, ieu di handap aja berendelanana ongkos-ongkos ti 6 kontrakan.

| Kontrakan dina taoen 1923 | A | B | C | D | E | F |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Legana kebon noe geus hasil diitoeng bae. | 652 | 103843 | $622\frac{1}{2}$ | 510 | 88545 | 643 |
| Beubeunanganana dina 1 h. diitoeng tengah K. G. | 718 | 421 | 359 | 291 | 789 | 267 |
| Keringan tina poetjoek beunang meuli | | | 4702 | 23405 | 208320 | 24220 |
| h. Kg. ti kebon sorangan | 468163 | 437442 | 223439 | 148420 | 304341 | 171720 |
| Ongkos kebon djeung ipoekan | 6,89 | 19 | 23,5 | 5.55 | 12,04 | 11,71 |
| Ongkos metik, meuli poetjoek ngoendjal poetjoek | 5,18 | 4,95 | 6,03 | 15,77 | 7,82 | 4,44 |
| Ngagiling | 3,43 | 4,93 | 4.25 | 3,25 | 4,17 | 4. |
| Ngepak+petina | 3 46 | 2,36 | 2.64 | 2,54 | 3,24 | 2,74 |
| Transport Priok | 2. | 0 82 | 1,31 | 1. | 1.69 | 3,01 |
| Administratie | 3.72 | 5,22 | 8,21 | 2,53 | 5,82 | 8,64 |
| Roepa roepa ongkos | 12.70 | 18 17 | 21,23 | 11,11 | 18.45 | 58,38 |
| Djoemblah poko djaba ti padjeg | 37,38 | 58,13 | 67,17 | 38,76 | 52,76 | 57,35 |

Oepama ngomong padjeg modalna sapond keringan koedoe ditambahan 3 - 5 sen.

Kontrakan A C. kebonna lain teh woengkoel, tapi kina deui. Ari B djeung D. kadjaba ti kebon enteh. boga kebon karet.

Ngitoengna pikeun babajaran padjeg. ongkos-ongkos directie djst. di kontrakan - kontrakan dipoekoel ratakeun ka sakabeh kebon, noe geus ngaloearkeun pangasilan.

Ningal ongkos-ongkos di kontrakan C. D. E. djeung F. beuki tetela bae, jen koe meulian poetjoek kampoeng, modal keringan katitih moerah. Panjempadna ti Dienst der belastingen ka kontrakan-kontrakan noe mareulian poetjoek, memang merenah. Basana, ngitoeng modal keringan noe poetjoekna ti kebon sorangan koedoe dipisahkeun djeung noe poetjoekna asal meunang meuli.

Ieu di handap aja pareleanana ongkos-ongkos ki 3 kontrakan. noeroetkeun sakoemaha kahajangna Dienst der belastingen tea. Eta 3 kontrakan kebonna enteh djeung karet. Djaba ti eta boga panggilingan pare deui. Roepa-roepa ongkos kajaning: padjeg, pabrik djst. dikeunakeunana kana 3 roepaanana (enteh, karet djeung pare). Djadi tangtoe pisan bagian saroepa roepana moal sakoe maha katitihna mahal.

| Kontran I | Pokona keringan dina 1 pond poetjoek ti kebon sorangan. | Poko 1 pond keringan poetjoek kampoeng. | Harga poetjoek kampoeng. | Rata-rata modalna teh keringan. | Ladang keringan bersih di Batawi. | Batina sapond keringan | Batina pond poetjoek. | Harga poetjoek. | Beubeunangan keringan ti kebon sorangan pond | Keringan poetjoekna beunang meuli pond |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1923 | 48.18 | 63 04 | 45 49 | 53,89 | 67.60 | 13.71 | 3 | 10 | 112,91 | 70650 |
| 1924 | 46.73 | 66.48 | 52.58 | 52,21 | 73,63 | 21.42 | 4.7 | 8 | 109 894 | 285975 |
| 1925 | 48 99 | 65.— | 45.96 | 58.55 | 60.34 | 21.79 | 0 4 | 7,5 | 134 862 | 199353 |
| Kontrakan II 1926 | 38,6 | 57.75 | 28.35 | 38 2 | 74.9 | 36.7 | 8 | 7.5 | 207.218 | 3205 |
| Kontrakan III 1925 | 49.80 | 64.60 | 45 43 | 61.22 | 60.49 | 0 73 | 0.16 | 7.5 | 56.974 | 247919 |
| 1926 | 31.88 | 63.9 | 49.1 | 54.77 | 62.95 | 8.18 | 1 8 | 9.5 | 106.206 | 601240. |

Dina ngitoeng modalna keringan ka loearan pabrik priboemi tepi ka pasar Londen tea, perloe deui koe oerang diingetkeun, rentenna. modal, ongkos ongkos di pabrik djeung di kebon. Koe sabab eta modalna keringan di na sapond saenjana enjana moal koerang ti 50 sen.

Djol bae aja pertanjaan; pikeun noe baroga kebon teh, naha mending mana.

a. ngadjoeal poetjoek ka kontrakan kalawan boga bagian tina bati.

b. atawa poetjoekna tea dipilirkeun ka pabrik sorangan.

Rata - ratana harga keringan di Amsterdam dina sapond dina taoen:

| | |
|---|---|
| 1916 | 57 sen |
| ,17 | 84.5 |
| ,18 | 84 |
| ,19 | 79.5 |
| ,20 | 44.5 |
| ,21 | 35 |
| ,22 | 62 5 |
| ,23 | 88,5 |
| ,24 | 89,75 |
| ,25 | 84.50 |

Oerang oepamakeun keringan kaloearan pabrik priboemi tea pajoe kana harga noe kaseboet di loehoer. (Noeroetkeun dadaran di loehoer noe moal tea ieu teh). Djadi roegina atawa oentoengna (poko dina sapond 50 sen) dina taoen.

1916 batina 7 sen atawa dina 1 p. poetjoek 1,4

1917 batina 34,5 atawa dina 1 p. poetjoek 7.7

1918 batina 34 sen 7,6

1919 batina 20.5 4,6

1920 roegi 0,10 sen 0,02

1921 roegi 15 sen atawa dina 1 p. poetjoek 3,5

1922 roegi 12,5 sen atawa dina 1 p. poetjoek 2,8

1923 bati 38,5 sen atawa dina 1 p. poetjoek 8 6

1924 bati 39.75 sen atawa dina 1 p. poetjoek 8,8

1925 bati 34,5 sen atawa dina 1 p. poetjoek 7.7

Tatandingan poetjoek kana keringan $= 4\frac{1}{2} : 1$

(diboeleudkeun ngala ka loehoer).

Dina sataoen atawa doea taoen bae mah oentoengna pabrik tangtoe moal dibagikeun kabeh, sabab ioba keneh pahoetangan djsb. noe koedoe ditoeng toet diberesan, Bati bagian noe baroga kebon, noe geus katalian koe pabrikna sorangan tea. lamoen dibanding keun djeung „persenan kering' ti kontrakan kontrakan tangtoe leuwih saeutik, djadi hartina oepama poetjoekna lain digiling di pabrikna sorangan. tapi dipilirkeun ka kontrakan kontrakan kalawan make perdjangdjian, Koe sabab eta noe baroga kebon koedoe pohara tiginna kana djangdji oelah kagoda koe pangbibita ti „kaom sana" da dipiamis ge boeah gintoeng. Lamoen teurak koe rantjana setan. bah'a . . . pabrik sorangan pinanggih djeung kasoesahan.

Ajeuna oerang oepamakeun noe baroga kebon tea teu boga pabrik sorangan. Poetjoekna dipilirkeun ka kontrakan sarta make perdjangdjian, batina „keringan" dibagi bagina kieu: 60% keur maranehanana, 40% p keun pabrik. dina sapond poetjoek k. titihna:

| | |
|---|---|
| 1916 | 3.4 sen |
| 17 | 7 |
| 18 | 7 |
| 19 | 5 |
| 20 | 1.7 |
| 21 | 0,4 |
| 22 | 4 |
| 23 | 7 5 |
| 24 | 7.7 |
| 25 | 7 |

Djadi dina keur harga kering tarik leuwih gede oentoengna oepama boga pabrik sorangan ti batan „milir" make perdjangdjian. Kitoe soteh lamoen modalna enja henteu leuwih ti 50 sen saperkara, kadoea ladangna saroea djeung kontrakan. Ngan oelah lali noe baroga pabrik djaba ti nampa mamanisna teh koedoe nanggoeng sagemblengna papaitna.

## Verslag openbare vergadering Pasoendan Tjab. Tasikmalaja.

Dina tg 4 December 1927 taboeh 9 koempoelan diboeka koe Djoer. Ahmad Atmadja voorz. Tjab. Tasik. Noe saroemping, djaba ti leden Pasoendan katoet bestuursleden Tjabang, nja eta Wd. Kdj. Toean Resident Priangan wetan. Kdj. Dalom Tasik teu iasa rawoeh, ngan njeratan.

Wakil-wakil ti I. E. V., N. I. O. G. djeung pagoejoeban oerang priboemi, babakoena pihak goeroe goeroe.

Koe lantaran aja oetoesan ti I. E. V., biantarana toean J. L. Amerika dipoendoerkeun katimbang perloe hal Mulo dibeulakeun.

Djoer. Voorzitter ngadadarkeun ti mimitina perloena aja Mulo di Tasik, lantaran H. I. S. di Tasik aja 3, sakola Walanda, schakel, kitoe deui di Tjiamis, Garoet Koeningan, malah komo ari kabehdieukeunana mah kapan di Bandjar oge rek aja H. I. S.

Noe ngaenjakeun hal ieu lain ti pihak oerang bae, tapi ti koempoelan I. E. V. oge ti ondernemingen pada nembongkeun ka panoedjoeanana.

Nja dina taoen 1925 Pasoendan Tjab. Tasik. njanggakeun rekes ka Pamarentah, tapi teu dikaboel. Taoen 1926 boelan April djoeng deui njanggakeun rekes, malah beuki rea anoe nembongkeun kapanoedjoeanana tapi teu hasil deui bae

Sakitoe geus 2 kali, dina taoen 1927 geus ngadjoeroengkeun deui bae njanggakeun rekes, tapi lantaran leutik pangharepan teu kebat.

Nja dina taoen 1927 djeboel aja Inspecteur Mulo. Onderwijs rek mariksa enja henteuna di Tasik perloe aja Mulo.

Pasoendan njanggakeun alesan anoe tjoekoep malah tina bisi teu maparinkeun ka Pasoendan ngadegkeun Mulo. aja oentoepan Goepernemen koe andjeun rek ngaiakeun Mulo.

Lamoen kadjadian, kadjeun Pasoendan njaboet deui rekesna, da Pasoendan mah noe djadi loeloegoe maksoed teh nja a j a n a.

Kitoe deui N I O.G. njanggakeun alesan noe tjoekoep kana ajana o p e n b a r e Mulo. Gede pangharepan oerang Tasik kana ajana Mulo Goevernemen.

Sanggeus aja patjektjokan Mulo di Modjokerto, di Volksraad dirobah maksoed noe tadi njaeta kapaksa di Modjokerto, diajakeun Mulo Goevernemen sarta di Tasik maparin Subsidie ka Pagoejoeban anoe tadina boga karep nja Pasoendan.

Djoer. Voorzitter nanja ka vergadering babakoena ka Kdj. Resident djeung ka oetoesan I.E.V.

Toean Resident sasaoeran jen ti Departement aja pamariosan perloe henteuna aja Mulo.

Toean W e b e r (I E.V.) nerangkeun jen I.E.V. tetep noendjangna kana pamaksoedan Pasoendan.

Toean A m e r i k a (N I.O.G.) njotjogan kana karepna Pasoendan, lantaran Pasoendan mikarep kana a j a n a boh o p e n b a r e boh lain ngan lantaran kapaksa tea, ongkoh ka Inspecteur mioe N.I.O.G. nerangkeun jen perloe ajana Mulo.

Toean W e b e r nanjakeun bisa gan tjangna sagala kaperloean, Pasoendan ngajakeun saperti Goepernement, lantaran samporet waktoena tea.

Djoeragan V o o r z i t t e r nerangkeun jen wintjikanana mah engke bae oerang ngajakeun Commissie.

Toean A m e r i k a ngabantoe nerangkeun hal pigoeroeeun, Pasoendan koedoe njoehoenkeun ka Departement kalonggaran, oelah disaroeakeun saperti ka vereeniging sedjen, lantaran waktoena teu laloeasa.

Djoer. Voorzitter nerangkeun hal doeit, sanadjan teu rea, saperloena Pasoendan sanggoep ngajakeun.

Kdj. Toean Resident moendoet katrangan aja pangadjak henteuna ka bangsa Tiong Hoa soegan rempoeg henteuna.

D j o e r. V o o z i t t e r nerangkeun jen pihak Tiong Hoa oge rea noe tjotjog, ngan lantaran teu aja H. C. S. teu merloekeun ngondang.

Toean Resident, taksiran taoen hareup aja H. C. S. partikoelir di Tasik koe Zending baris diadegkeun.

Sanggeus teu aja deui noe nambahan katrangan toeloej njieunan m o t i e anoe kieu pokna.

Openb Vergadering Tjab. Pasoendan Tasikmalaja tg. 4 Dec. 1927 ditoengkoelan koe oetoesan I. E. V., N. I. O. G., P, G. B., P. G. H. B, K. B. djeung P. S. O.

Ngoeping babadamian di Volksraad

Ngoeping babadamian dina openbare Vergadering Pasoendan Tjabang Tasik.

Moetoeskeun jen dina taoen 1928 p e r l o e di Tasikmalaja ajana Mulo.

Njoehoenkeun ka Pamarentah soepaja ngoeroeskeun nepi ka hasilna.

Ngawasakeun ka H. B. Pasoendan soepaja ieu hal disanggakeun ka noe wadjib.

Sanggeus njieun motie Djoer. Moch. Enoch medar hal C o n t r o l e d e s a s c h o o l f o n d s.

Djoer. Moh Enoch nerangkeun jen dina openbare vergadering Pasoendan (noe versl gna dimoeat dina L D.) Djoer. Schoolopzeiner Singaparna geus nerangkeun hal adegan sakola desa dina medar schoolofonds dessa.

Nerangkeun deui oengelna Inl. Gemeente ordonantie art. 5 djeung art. 2. njaeta hal credietinstellingen di desa, ieu tjangkingan credietwezen.

Ari hal dessa schoolfonds noeroetkeun bestuurshervorming, goeroe goeroe desa djeung kapala kapala narima na doeit ti B. Bestuur.

Tina hal bajaran sakola desa di sanggakeun schoolfonds, ieu schoolfonds ditjepeng koe A.R.

Robahan ajeuna schoolfonds koedoe diasoepkeun k a n a b e g r o o t i n g d e s a roepina desa desa njetorkeun kana schoolfonds.

Ieu schoolfonds teu aja Controle.

Koe lantaran eta P a s o e n d a n rek njoehoenkeun soepaja schoolfonds tea, oelah ngan dipasrahkeun ka noe djadi Bopati, bae tapi ka C o l. Gec.

Saperti schoolfonds desa di Tasikmalaja anoe f 36000 oelah ngan di pasrahkeun ka Kdj. Dalem woengkoel tapi ka C o l l e g e v. Gecommitteerden.

Toean Resident djeung A, R. di Tasikmala ajeuna teu pipiloeeun deui.

Kapoengkoer noe ngabenoem djeung ngalepas goeroe desa teh A. R.

Di Garoet mah bedjana koe Bopati.

Tina hal ieu, Pasoendan, njoehoenkeun dilereskeun, b a b a k o e n a nja eta njoehoenkeun soepaja dipaparinkeun ka College,

Dina rek dimoeat ieu verslag Redactie nampa soerat salinan ti hidji Tjamat ka hidji Loerah bawahanana:

Noeroetkeun dawoehan Kangdjeng Resident (Midden Priangan ?) dina koempoelan negeri ddo. 6/10 27 mere terang, jen kapangkatan goeroe dessa teh saroea bae djeung t o e a k a m p o e n g. Loerah aja hak marentah ka goeroe desa, anoe berhoeboeng djeung kaperloean sakola.

Oepama aja noe teu njoemponan kana pagaweana a (teu noeroet ka loerahna), Loerah bisa moerstel nepi ka diontslagna.

Koe sabab eta bere terang ka goeroe goeroe desa kabeh.

Tjamat Lembang
Onleesbaar

Dateng Loerah
Tjibogo.

Naha goeroe desa teh beambte desa atawa lain?

Moen enja beambte desa, naha aja perkara goeroe desa ti hidji kabopaten dipindahkeun ka kabopaten sedjen.

Sakitoe perloena, noe matak koe P a s o e n d a n wadjib dineroeskeun.

Dina hal maparin subsidie, sakola anoe ditaksir harga f 1000 sok dibere f 400.

Dina ngadegkeun sakola oelah harita ngadegkeun harita oeroenan.

Kitoe deui dina hal ngomean djaba ti koedoe satjoekoepna teh, koedoe aja Commissie anoe njieun laporan beubeunangan ngomean.

Malah djoer. Opziener oge koedoe djadi lid commissie kalawan make proces verbaal sarta wani soempah. Djoer. S o e t i s n a s e n d j a j a moendoet katrangan ka Djoer. Opziener ti na hal ongkos ngadegkeun sakola.

Djoer. S c h o o l o p z i e n e r: Diparinna ongkos f 800 sareng kai, nanging lantaran kai sok dipaparin ti noe djaoeh sapertos desa Gendo (ki doeleun Tasik) dipaparin djati ti Bandjar ti noe tebih, tara oitjarokot.

Ongkos ngomean kapoengkoer f 250 ajeuna f 200 kai ti noe tebih deui.

Djoer. Voorzitter nganoehoenkeun ka Djoer. Moh Enoch, eta teh ringkesna noe djadi djoedoel maksoed bae i e u h a l o e r a n g b e k e l k a n a C o n g r e s di G a r o e t l a n t a r a n s a k i t o e p e n t i n g n a s a r t a saeutik lain di hidji tempat bae. Djoer. Voorzitter ngadadarkeun tina hal subsidie anoe dipaparinkeun ka vereeniging, njieunna bergrooting koe vereeniging, dipariksa koe Directeur B. O. W. sanggeus dibenerkeun diparin 3/4 na.

Subsidie sakola desa oge k a h a j a n g teh kitoe.

H a l p a b r i k g o e l a (keben tiwoe.)

Djoer. Moh. Enoch nerangkeun anoe pondok bae lantaran teu aja waktos nja eta oerang sarerea koedoe nolak

(*)

## Ti Padoekoehan.

**Aja atoh, aja heneg!**

Dina „Sipatahoenan" tg. 15 November 1927 No. 20, barang breh teh seratangna Djoer. Kardoen kabatja, dina lebah andjeunna njarioskeun: „Jen andjeunna **goegah** tina **koelem**. **tibra**, doegi ka kersa roeroempaheun njerat dina „Sip."

Ja, Hafiid! eta hate mamang,... moeng Alloh anoe oeninga, estoe bingah anoe boengangang, tjarek anoe ahli basa tea mah: **boengah mawarta soeta**. Moegi-moegi bae Djoer. Kardoen tetep langgeng, (oelah keuna koe panjawat bosenan), teras toemeras keresa soerat-serat, midangkeun pamendak dina pakalangan „Sp." Margi sae awonna soerat kabar oerang Sp, goemantoeng ka oerang. Oepamana aja bangsa Emad, anoe wani ngagogoreng „Sp" tangtoe mamang wani njarekan kieu: **top lebok!** Sakali deui mamang hatoer noehoen ka sadaja, anoe geus lilir.

Sawangsoelna, ajeuna hate mamang heneg, soempeg, malah nepika adjaib bakating koe heran. Eta ari ras koe djoeragan djoeragan anoe geus kararesa midangkeun pamendakna angen-angenna dina pakalangan „Sp" anoe sakitoe malaloherna, parenting djarero. Naha, ari dina waktoe kabehdleunakeun, mani tjeeep less! bae Ma'loem diwangwang ti anggangna, sakapeung sok djol pikir timboeroe sieun kitoe tea, sieun kieu tea, apan sami-sami oeninga dina nalika ieu teh seueur pisan kompres; sok inggis panas saeutik, kompres! tjep, djep! teu ketjat, teu ketjet, peren dina kotak.

Tjing djoeragan-djoeragan mamang paparin terang, araja keneh dikieuna? Da ari diseboet hidji-hidjina mah teu pihadeeun.

Sakali deui hatoer noehoen kanoe nembe tanghi.

**Contact.**

---

**(*)**

kana ajana atawa nambahan kebon tiwoe di Pasoendan, babakoena di Priangan, lantaran ari legana P. Djawa teh 4 kalieun nagri Walanda ari tjatjah djiwana 6 kalieun, nja eta 36 malioen ari dahareun nja eta tina sawah rek disewakeun rata rata s a p e r t i l o e n a kana kebon tiwoe.

Ari goela teh lain keur tatali hoerip bangsa oerang, da losna ka loear, keur deungeun, e x p o r t tea, atoeh tangtoe pibahajaeunana. Boektina di antara taoen 1917 djeung 1921, geuning djadi geundileung sadoenja.

Dina taoen 1924 ngasoepkeun beas ti loear ka P. Djawa aja 243 000 ton.

Di Pasoendan aja 550 ondernemingen legana aja 1200 000 baoe.

Di Priangan 350 ondernemingen legana leuwih ti 350000 baoe; noe dipelak teh djeung karet.

Eta noe digarawe di ondernemingen teh koedoe diparaban koe ti sawah sawah oerang.

Rata rata legana tanah (sawah djeung kebon) noe katjekel. koe bangsa oerang ngan 0,43 baoe teu satengah baoe baoe atjan, sawahna mah malah ngan 0,15 baoe.

Djadi baheula ngalarangna Goepernemen kebon tiwoe asoep ka Pasoendan babakoena ka Pringan teh sihoreng kitoe kaajaan bangsa oerang, djadi aja noe matak babaja,

I r r i g a t i e di Pasoendan atjan beres.

Noe enggeus beres saperti Tjimanoek, Tjitaroem kahajang teh koe bangsa oerang bae saperti di Djawa wetan bogana bangsa oerang aja 25.000 baoe.

B e u r a t n a diajaan kebon tiwoe oepama eta kebon aja noe ngahoeroe.

Katjida modelna moenggoeh atoeran nana teh lamoen kebon aja noe njoendoet, sakabeh oerang desa koedoe meunangkeun noe boga dosa (neangan) lamoen teu miloe neangan disangka mil e sarerea, djadi pisoesaheun somah djeung ponggawa desa.

Noe njewakeun sawahna ka kebon tiwoe toengtoengna djadi toekang koeli anoe tadi tawekal boga sawah atawa kebon, ngagarap keur sorangan ajeuna digawe keur batoer, boeboeroeh, djadi saroea pisan djeung ngadjoeal kamerdikaanana.

Ngagarap tanah, moen tanahna disewa koe pabrik tiwoe moal bisa laloeasa. dialoes-aloes kapaksa koerang hade sabab saeutik tempona.

Noeroetkeun perdjangdjian, djeung pabrik sawah noe dipeelangkeun teh koedoe beres meunang ngabongkaran akar tiwoe, tapi biasana henteu, nepi ka njoesahkeun ngawaloekoena atawa matjoelna.

Tetelana tanah beuki goreng. sewaanana teu njoemponan, tina f 75 nepi ka 100.

Sawah noe mentas dipelakan tiwoe t e u b i s a ditiwoean deui. malah koedoena dipalawidjaan, atoeh g o r e n g n a keur oerang, g e m o e k n a keur maranehanana, kitoe rasiahna. Oepama digemoek make kunstmest mereanana ngan saeukeur tiwoe bae.

Koe kaajaan kitoe oenggal taoen nja ngoerangan pihasileunana, pare ngan sasikoe djangkoengna beubeunanganana oge meureun ngan s a t e n g a h n a ti sawah noe henteu ditiwoean.

P a r e b o e t n a dina ngabagikeun tjai, pohara ripoehna. Aja mandor titahan pabrik noe njorendang bedil ana seug djago di loehoer professor, di handap noe digarawena sakit e s noesa di toerna.

Komo eta mah noe aja atoeran ngabagi tjai ti beurang keur kebon tiwoe, ti peuting keur noe boga sawah, djaba pareboet djeung pada batoer dibelaan teu hees.

Noe boga pabrik tiwoe oentoengna dina sabaoe f 1300, keur bangsa oerang noe njewakeun kira-kira sapersapoeloehna.

Djoer. V o o r z i t t e r nambahan katrangan ditempat noe aja pabrik goela rea kabina-bina perkara criminaliteit. ngahoeroe, paling djst.

Noeroetkeun katrangan Prof. Kielstra bener pisan tanah noe dipelakan tiwoe teh beuki lila-beuki angar.

Djoer. S a t j a M a n g o e n h a r d j a, ngarnos tjoekoep koe kasaoeranana Djoer. Moh, Enoch tina hal kagorenganana kebon tiwoe, malah andjeunna mah ti hidji loerah manggih tjarita kieu: Bangsa oerang meunangna doeit f 500 rata-rata dina sabaoe tina kebon tiwoe teh, ari pabriek bogana bati f 1600.—

Pabrik di oerang geus rea tadi oge aja 550 pabrik ajeuna rek ditambah deui koe goela, bangsa oerang abirna sina koeli. saroea djeung ngadjoeal kamerdikaan oerang,

D j o e r. P r a w i r a n a t a djisim koering sanes pisan ahli moeng ningal practijk bae moen oerang njaba ngaliwat Tjitandoej aambeuan oge geus baoe tiwoe bae, geura moenggoeh di oerang sakoemaha teu bogana oge moenggoeh noe tani. sangoena mah p o e l e n bae, teu tjara lebah noe oeploek aplak kebon tiwoe, djaba ti teu poelen teh, baoe apoe, baoe Saigon djeung Siem. Ana ngingetkeun noe ngagarap sawah noe teu disewakeun ka tiwoe, loeoetleet kesang teh teu panasaran da oentoengna k e u r sorangan. koemaha noe ngagarapna s a w a h n a noe disewakeun, degar-degarna sorangan, ari oentoengna keur b a t o e r.

Djoer. N a t a p r a w i r a: Koemaha ichtiarna Pasoendan, soepaja oerang desa goejoeb nolakna da jakin bener, oelah keuna koe pangaroeh itoe, heug oerang lemboer mah ahli saoer manoek, gampang noeroet kana tjaritana noe sok noeroetkeun dengdekna topi, koemaha tarekahna Pasoendan di loehoer di Volksraad.

Djoer. Prawiranata: Koemaha oepamana bae koe ngadamel boekoe tina hal kaawonanana tiwoe keur oerang bagikeuneun sareng koe sering ngadamel anti propaganda.

Djoer. Nataprawira: Sieun ditjap oepama aja noe wani, maloem di desa, komo djaman ajeuna.

Djoer. Voorzitter njoehoenkeun ka College v. „Gecommitteerden soepaja marios tina hal dessa beslissingen dina letter E.

Djoer. Soetisna. Bisana Gecommitteerden teh ngan mariksa „voor gezien" nanda atawa „vernietigen" (nolak) tina hal desabeslissingen.

Ieu hal oerang njoehoenkeun pitoeloengna oenggal Reg. Raden, dina koran oge, lain bae koran oerang, ongkoh ngan saoekoer weekblad, tapi sing leukeun naroelis a r t i k e l e n dina koran sedjen komo bangsa Dagblad mah.

Dina vergaderingen oge koedoe dikeureujeuh sarta oerang ngadjak ka oenggal tjabang, di noe atjan diadegkeun oge koedoe boeroe-boeroe diadegkeun.

Ieu hal oerang bawa kana Congres di Garoet.

Poekoel 12 vergadering ditoetoep.

---

## Koropak.

. Tjabang Pasoendan Paroeng, ngirimkeun oetoesan teh, kade lian ti Djoer. M. Kartaatmadja, djagona eta teh.

Tjabang P. Bogor! Lantaran noe diburempoegkeun teh perkara landbouw noe penting, sing hasil nepi ka Djoer. Nataamidjaja, djaba ti lid H. B. teh kapan Voorzitter tea ongkoh, kersaeun, nja ajeuna mangsana Karawang ngangkrang bisi dipelakan tiwoe.

---

## Agenda Algemeene Vergadering Pasoendan dina tanggal 25 sareng 26 December 1927 di GAROET.

Malem Mingoe 25—26 December poekoel 7 sonten di . . . . .

Noe bade dibadantenkeun:

1. Robahan statuten.

Besloten vergadering malem Minggoe ping 25—26 December taboeh 10 wengi di . . . .

1. Beleid Aoofdbestuur.
2. Vertegenwoordiging (wawakil) Pasoendan di Volksraad.
2. Organisatie.

Vergadering openbaar dinten Minggoe 26 December taboeh 8 endjing-endjing di gedong Bioscoop.

1. Pamoeka vergadering.
2. Pasoendan sareng anti Woeker.
3. Sakola H.I,S. djadi standenschool
4. Samenwerking sareng Pamarentah.

Besloten vergadering malem Senen 25—26 December wengi taboeh 8 di . . . . . . .

1. Pasoendan sareng Schoolvereeniging Pasoendan.
2. Langlajang Domas sareng Sipatahoenan.
3. Huishoudelijk Reglement.

Vergadering openbaar dina ping 26 December taboeh 8 endjing-endjing di gedong Bioscoop.

1. Perkawis panoehoen ka Pamarentah, soepados Pamarentah ngadamel atoeran, noe maksadna kieu: Pagawe-pagawe anoe patali djeung oerang priboemi soepados diwadjibkeun boga tanda, jen geus meunang pangadjaran basa priboemi.
2. Kebon goela di tanah Pasoendan
3. Voorstel-voorstel tjabang-tjabang.
4. Pilihan Hoofdbestuur.

---

## Kabar dagang.

Pasar Batawi 5 Dec.

| | Naw. | dit. | lak. |
|---|---|---|---|
| *Kopi* | | | |
| Palembang Robusta fob. | — | f 33 | — |
| *Pedes* hideung e.k. 87½ | — | — | |
| *Pedes* bodas | — | — | 121 nom. |
| *Karet* | | | |
| *Sheets* ½ KG. | f 1,07 | f 1.06 | — |
| *Crêpes* id. | f 1,06½ | f 1.05½ | |
| *Minjak sereh* | — | f 1,85 | — |


1 Augustus 1927.

**Roepa-roepa Datjin Kilogram.**

Dari Fabriek jang kasi tanggoengan baek, ada sedia tjontonja, harga-harga sanget moerah.

Lebih baek minta pesen dari sekarang, sebab temponja tjoemah tinggal ampat boelan lagi.

Katrangan lebi djaoe pada adres:

**YO TEK SENG**

Wijkmeester

**TASIKMALAJA.**





**Ketoe Oedeng Makerij**

**HALIM**

**West Pasar straat 16 Bandoeng**



Sadaunina njajagikeun ketoe Oedeng model Bandoeng tina roepi-roepi batikan sapertos batik Tjiamis Solo Banjoemas s.s.t. ngawitan pangaos f 2.25 f 2.50 f 3,— f 3.50 f 5.— sareng sateraana noemoetkeun koemaha saena Oedeng bae. Sajagi oge ketoe Oedeng model wiron anoe nganggo diwiroe sareng endol ngawitan pangaos f 3.— f 3.50 f 4.— f 5.—

*Tiasa* nampi kengkenan ngadamel ketoe Oedeng.

1 Oedeng didamel 2 ketoe oedeng f 2.—

1 „ „ 1 „ „ f 1.25

Model wiron tambih dina 1 Ketoe Oedeng f 0.25 Sareng njajagikeun sindjang poleng geroesan kaloearan Bandjaran Bandoeng pangaos f 2.50 f 3.— f 3.50 sareng f 4.— mangga djoeragan-djoeragan geura njarobian sareng enggal njeratan ngangge. Adres anoe diloehoer ieu kcelan.

Njajagikeun deui roepi-roepi batikan, noe sae noe kasarna roepi-roepi pangaos: Kemben, sindjang enz. wedalan *Tjiamis*, *Tasik*, Banjoemas, Djonas enz.



**Schoenmakerij en Kleermakerij**

**„Malah Mandar"**

Stationsweg 21 Tasikmalaja.

**Tiasa nampi pesenan (kengkenan) ngadamel roepi-roepi raksoekan anggoeun pameget atanapi moerangkalih modelna tiasa noemoetkeun sakoemaha kapalaj, sareng disajagikeun roepi-roepi lawonna.**

**Oge njajagian slop-slop, sendal-sendal spatoe-spatoe ketoe oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boeloedroe noe kasar sareng noe sae.**

Hoermatna noe ngantos pesenan poen

**O. Sasmita.**

**N. B.**

**Toedoeng Panama**

| | |
|---|---|
| noe didamel tina palm | f 8,— |
| „ „ „ djakal | f 2,50 |
| strobin (pamoelasna) | f 0,25 |



**TOKO KHOUW SIAUW SENG**

**(TOKO BENG)**

**Tasikmalaja**

Tel. No. 2.

**Djaman kamadjoean, kitoe deui ajeuna pikeun ngentengkeun kana perdjalanan, disajagikeun Autobus anoe brangkat ti**

**Tasikmalaja ± djam 5 endjing noe mios ka Cheribon.**

**„ „ „ 11 siang noe mios ka Cheribon**

**ti Cheribon ka Tasikmalaja**

**± djam 5 endjing mios ka Tasikmalaja**

**± „ 11 siang „ „ „**

**ti Tasikmalaja ka Garoet**

**Tasikmalaja ± djam 7 endjing dongkap ka Garoet djam 10**

**Garoet ± djam 1 siang dongkap ka Tasikmalaja djam 4**

**ti Tasikmalaja ka Karangnoenggal**

**± djam 6 mios ka Karangnoenggal**

**± „ 9 „ „ „**

**± „ 1 „ „ „**

**ti Karangnoenggal ka Tasikmalaja**

**± djam 6 endjing mios ka Tasikmalaja**

**± „ 9 „ „ „ „**

**± „ 1 siang „ „ „**

**Sadaja autobus brangkatna ti pajoeneun toko BENG.**



**INGENIEURS en ARCHITECTEN BUREAU**

**Ir. Soekarno en Ir. Anwari.**

**Regentsweg 8, Bandoeng.**

Nampi saniskanten padamelan anoe nganggo projekten pikeun saniskanten adegan, kajaning imah—fabriek—goedang—masigit—djambatan sareng sadjabina ti eta, ti noe PANG ALITNA doegi ka noe PANG AGEUNGNA.



**Toko Boekoe**

**WEBER**

**DJALAN STATION № 12.** **TELF. № 13.**

**Boekoe-boekoe** pengadjaran **bahasa Belanda**

| | |
|---|---|
| **Belanda-Melajoe** 1 djilid tamat, noe geus kasohor . . | f 1,50 |
| **Walanda-Soenda** 3 „ „ „ „ „ à . . | f 0,75 |

**Cursus Basa Walanda Pikeun oerang Soenda** **f 0,75**

Pikeun Cursus sareng Sakola kenging potongan 15%



SARENG HORMAT!

Hatoer oeninga rehing Pasoendan tjabang Bandoeng, parantos ngaloearkeun saroepi boekoe:

**„Elmoening Kabangsaän"**

Di banding koe rasa ka-Soendaan sareng di papaes koe pirang-pirang goegoeritan.

Tina kasaeanana eta boekoe manawi teu kedah dipoedji deui. Soegri noe mikatjinta kana kabangsaan sareng lemah tjai, soemawonten para djoeragan Nationalisten mah, teu kinten perloena oeninga kana eusina eta boekoe.

Soepados kaoeninga kana kamangpaatanana pangaosna oge dihadja dimirahkeun pisan moeng f 0.60, djabi ongkos ngintoen.

Kanggo bantjangeun deui oepami artos ti pajoen baris di hatoeranan korting 20 pCt, oepami djalan Commissie moeng 10 pCt.

Pamoei doet itjalkeuneun deui mah, sakirang-kirangna kedah 10 boekoe.

**Pasoendan Bandoeng**

Regentsweg No. 24



**TEGELFABRIEK**

**„N A J A"**

**Goenoengsabeulah**

TASIKMALAJA.

Midamel roepi roepi tegel. pangaos sareng kakiatan ditanggel ngabingahkeun.

Oegi midamel gambar boemi (bouw teekening), pangaos tiasa badanten).

24 **Directeur.**

# PANEMBRONG

## PANCKOER.

1. Batoer djenoek bala rea,
ieu koering mawa bedja anoe sidik,
jen engke di dajeuh Garoet.
rek gempoengan „Pasoendan",
ti soeklakna ti sikloekna bakal tjoendoek,
geus kawangwang ti ajeuna,
tangtoe moal salah deui.

2. Bakal rampag noe ti Wetan,
oerang Kaler oerang Koelon kitoe deui,
baris ngabroel noe ti Kidoel,
hajang pada njaksian,
bagempoengan geusan djalan hiroep koemboeh,
sawala babadamian,
djadi tjiri jen saati.

3. Taki taki ti ajeuna,
hajoe batoer engke oerang pada indit,
oerang milee goenem tjatoer,
tangtoe moal koe saha,
anoe baris bisa ngoekoer kana tangtoeng,
kadjaba oerang sarangan,
anoe njandang anoe njanding.

4. Deungeun mah taja petana,
ka oerang teh baris welas mikaasih,
kapan anoe enggeus poegoeh,
oerang padá ngarasa,
harkat oerang aja sahandapeun batoer,
anoe ngadon boeboeara,
neangan tatali hoerip.

5. Moal aja anoe bela,
mikatjinta bangsa reudjeung lemah tjai,
anoe matak koedoe goejoeb,
nadjan henteu njarita,
ngadatangan oerang teh leuwih ti koedoe,
nambah-nambah kareugreugan,
ka rengrengan noe ngaraping.

6. Oerang noe ngalaladjoan,
minangkana oerang noe djaradi saksi,
tapi sanadjanna kitoe,
moen oerang teu roedjoek mah,
oerang oge meunang djaboeng toemalapoeng,
sawala miloe njarita,
poma oelah ketir pikir.

7. Kaperloean sarerea,
kapan terang henteu rek diwidji-widji,
sakoer anoe sakaboetoeh,
moenggoeh bangsa oerang mah,
henteu beda nadjan handap nadjan loehoer,
mikarep kamerdikaan,
roemawat ka lemah tjai.

8. Djadi tina sabab eta,
geus meudjeuhna oerang teh koedoe ngahidji,
koemboeh ngarioeng moengpoeloeng,
ihtiar babarengan,
sangkan bisa leungit kanjeri karipoeh,
saratna koe pagoejoeban,
geusan ngahidjikeun pikir.

9. Geus moal salah reugreugna,
ti Batawi ti Bogor djeung Soekaboemi,
Pamanoekan reudjeung Paroeng,
Tjiandjoer djeung Soemedang,
komo deui Tasikmalaja djeung Bandoeng,
Tjiamis reudjeung Koeningan,
Manondjaja djeung Parigi.

10. Rea lamoen diseboetan,
tempat-tempat anoe gede anoe leutik,
oetoesan toemplek ka Garoet,
sanadjan anoe anggang,
Soerabaja-Semarang ge meureun tjoendoek,
ditambahan koe ondangan,
koempoelan noe sedjen deui.

S.

## Wartos ti Administratie.

Langganan anjar.

Enggal ngintoen f 1,50 anggoeun kwaartaal ka I 1928. Engke dikintoen Sipatahoedan gratis ti ajeuna.

Djr. Lg. No, 206, Postwissel f 6,— Juli t/m Juni 28 katampi Djr, Lg. No. 249. Postwissel f 6,— Juli t/m Juni '28 katampi. Djr. Lg. No. 662 Postwissel f 6 — Juli t/m Juni '28 katampi Adm hatoer sewoe noehoen.

Djr. Lg. No. 775. Ari parantos majar mah sawios, bilih kapoengkoer lepat djoeroetoel s.

## Katrangan kanggo agenda.

**Agl. Verg tt. 25 sareng 26 Dec. 27.**

Sakoemaha noe kaoengel dina agenda dina nguwitan, bade njarioskeun robahanana statuten. Soepados lebah dieu tiasa asak nimbangna sae aos noe lantip voorstel robahan statuten kekengingan Tjabang Tasikmalaja noe dina Langlajang Domas no. 20.

Saparantosna ngabadantenkeun statuten vergadering diboeka deui ti taboeh sapoeloeh bade neraskeun noe kaselat dina agenda tempatna kanggo vergadering wengi teu atjan ditetepkeun diantoskeun kana poetoesan engke bae di Garoet. Noe bade ditjarioskeun dina wengi eta sakoemaha noe kasebat dina agenda bae.

Dina vergadering openbaar dina dinten Minggoena noe bakal diajakeun di gedong Bioscoop, noe pernah na di pengkolan. ngawitan diboeka taboeh 8 endjing endjing. Agenda dinten eta njaeta Pamoeka vergadering koe djoeragan voorzitter. Saparantosna bakal disamboeng koe ngabadantenkeun Pasoendan sareng anti woeker, noe ajeuna di Bandoeng ngadegna eta kempelan. Dina ngabadantenkeun ieu tangtos patepang sareng kaajaanana Loemboeng Desa, crodietbank sareng Pakgade. Koemargi hal ieu teu kinten pentingna sakoemaha pisaeeunana, oepami sadajana para oetoesan tjabang pada njandak bekel noe tohaga. soepados asak sae boeboestanana poetoesan noe didamel koe Pasoendan. Doepi noe bakal inleiden ieu masalah njaeta djoeragan Odjoh sareng djoeragan Iskandar.

Satoetasna ieu, bade disamboeng koe njarioskeun H,I.S. djadi Standenschool maksadna Pamarentah bade ngarobah reglement H.I.S. soepados engkena djadi sakola noe woengkoel keur menak bae. Teu lepat deui jen ieu perkawis bakal narik manah sadajana margi eta sing santosa waragad pikeun ngilari beresna. Noe bade ngadadarkeun hal ieu njaeta djoeragan Atik Soeardi.

Agenda nomer opat kanggo dinten eta njaeta hal samenwerking sareng Pamarentah, hartosna ngilari naon noe parantos kadjalankeun sareng naon noe teu atjan noe kedah dihantja. Punt ieu tangtos pisan bakal mawa pamandangan seueur pisan, koe margi eta oelah lepat sing sajagi kangge panjamboeng lebah eta. Perkawis ieu bade diboeboekaan koe djoeragan Soeriadiradja.

Wengina malem Senen bakal diteraskeun koe besloteu vergadering. Sakoemaha noe kasebat dina agenda bakal njarioskeun kaajaan djero Pasoendan woengkoel. Lebah dieu tangtos pisan sajagina

Vergadering dina dinten Senenna bade diajakeun di gedong Biocoop deui, noe ngawitan diboeka taboeh dalapan endjing-endjing.

Punt hidji dina agenda kasebat njarioskeun panoehoen Pasoendan ka Pamarentah, njoehoenkeun soepados Pamarentah midamel hidji katetepan (eisch) pikeun sakabeh padamel Goepernemen noe patali sareng kaperloean oerang priboemi diwadjibkeun ngabogaan hidji tjiri jen parantos diadjar basa priboemi. Masalah ieu bade di dadarkeun koe djoeragan Soeriadiradja.

Saparantos ieu bakal disamboeng koe njarioskeun kebon tiwoe ditanah Priangan. Perkawis penting pisan noe patali sareng kahiroepanana oerang tanah Pasoendan noe wadjib koe oerang dimanah pandjang pisan sangkan rahajoena oerang Pasoendan henteu kadoepak koe hama goela. Marga eta atos atos sing seueur sareng noe beuneur pamendak kanggo panolak noe bakal datang.

Saparantosna disamboeng koe ngabadantenkeun voorstel voorstel tjabang tjabang.

Handjakal pisan teu sadajana tjabang pada ngintoenan voorstel.

Kana Voorstel Garoet H.B. ngiring moepakat kana No. 1. Doepi No. 2 sae dibadantenkeun dina lebah ngabadantenkeun Huishoudelijk reglement. Kana voorstel No. 3. moeng moepakat kana maksadna woengkoel.

Kana voorstel Bandoeng H. B teu rempag kana No. 1, sareng No. 3. Doepi No. 2 koe H. B bade dioeroeskeun.

Voorstel Tasikmalaja:

No. 1 parantos dibadantenkeun di Volksraad.

No. 2 moepakat; bade dioeroeskeun koe Provinsie.

No. 3 moepakat.

No. 4 H. B. ewed ngantos katerangan noe paos.

No. 5 parantos dibarempagkeun di Volksraad.

No. 6 teu rempag.

No. 7 lebetkeuneun kana huishoudelijk-reglement

No. 8 moepakat.

No. 9 ewed ngantos katerangan noe paos.

No. 10 teu moepakat.

No. 11 oerang barempagkeun.

No. 12 oerang barempagkeun.

## Lezing W. A.

Malem Selasa tg. 3 October di sakola Ardjoena B.d. Samboengan.

Tong hajang oeninga „mana noe bener atawa noe pangbenerna", ma nahan bae heula. Moen lebeng bae weleh teu kapaham, tong tjektjok; anggoer hidjikeun sareng noe parantos²; tjara njeboet Goesti Allah AJA, kapan nepi ka kiwari tjan GOK.

Beh santekna deui, Theosofie teh, TASAOEF, pamolah dikabersihan, ngadeudeukeut GOESTINA noe MAHA SOETJI, noe kotjap BERESIHNA teu koe TJAI, tingalina teu koe sotja, pangdangoena teu koe tjepil.

Bingoengeun oemat NABI noe hajangeun nampa pangasih Goestina, noe sipat moerah asih Nja disembah koe padika dika Goestian, parentah dika-Rasoelan.

Tangtoena moal djadi kakagetan, moenggoeh koe noe geus loehoeng elmoena, djembar pamendakna. Ari ieu, tjara pangrasa anoe medal tina hateup soehoenan imah sim koering pribadi, taja goear-goeareunana, noe poegoeh mah „tjarekeun noe tjatjarekeun woengkoel. Ngawajahnakeun ma neh soteh, meungpeung njorang djeung kasoeka.

Lebah dieu. dibenteskeun THEOSOFIE didalem Islam, pangwarah petingan dika Goestian, toeroeg toeroeg enja-pisan; enja-enjana „di Islam aja TASAOEP, noe TASAOEP manggih djalan saenjana, mapaj latjak ka ISLAMAN. Gengsotna lebah KANJAHO, sok kaboeroe dipake NGANJAHOKEUN. Pangdengena, sok kaboeroe dipake NGADENGEDENGEKEUN. Pangdeuleuna, sok kaboeroe dipake ngadeuleu deuleukeun. Omongna sok kaboeroe dipake ngomongkeun, anoe keunana ka lain SORANGAN, tjara: ngomongkeun noe lain manehna, neuleukeun noe lain manehna, ngadengekeun noe lain manehna. Atoeh teu boga sampeur sampeureun noe KARASA, da toetoer dalitna djeung noe ANGGANG ANGGANG bae. Pantes teu boga TIMBANG TARADJOE, geusan makihikeun si BENER djeung BEBENERAN si HOERIP djeung KAHIROEPAN, kagoestian - kaabdian.

BENER dika ABDIAN, sakoer noe oemoem djeung batoer, loembrah djeung sasama. BENER dika goestian teu AJA bandingna.

HIROEP dikaabdian, koedoe koe sangoe, djeung sabangsana.

Hiroep di ka Goestian, karasa segerna woengkoel noe matak kotjapna tara barang toeang (basana ge kahoeripan).

Kaabdian. aja toengtoengna, ka Goestian langgeng, teu kotjap awiwi tan wekasanana.

Koe sakitoe, teu boeroeng radjeun tjektjok, ngadjadikeun pagede gede beunang, paenja enja di lain.

Lain pantesna, ENJA koe tjarita, ditjaritakeun.

Lain pantesna ENJA koe denge. didarengekeun.

Lain pantesna ENJA koe deuleu, didareuleukeun.

Nja rame, silih aromongkeun, sili dareuleukeun, sili darengekeun djeung pada batoer, mandjangkeun lalakon noe sabongbrongan, sili teuteup ka talingeuhan, sili pentjrong salalakon. Soegan sageuj hoedjangga kalah roe tjita, ngadago koloteunana.

Lebah dieu, lebah kieu warna roepa, djaoeh tingal deukeut deuleu, ki tjeup moal sapeureudeuj, haleuang teu saseuggolan, kawantoe rintjikan Nji Poetri Loengsaran, Djati. noe tapa di lemah poetih.

Samboengeun.

# KABAR

(Tina s. k. sanes).

Setatsion Koningsplein di Batawi ti hareupna rek digedean djeung dialoesan, lantaran katendjona pikeun di kota gede mah katjida gorengna.

—o—

Di Djatiwangi, (Cheribon) autobus S. H. noe Sato merk Bintang djeung autobus Gho Ing kongsie geus diadoe lantaran paheula-heula ngaliwatan sasak noe teu sabaraha roebakna, henteu tjoekoep pikeun doea autobus. Noe Gho Ing kongsie ragrag ka sawah doeanana autobus roeksak. Hidji sopir djeung doea noe toempak harita keneh maot. Tjek bedja noe maot tea geureuha Djr. Wadana Tjibeber pangsioen. Harita keneh Djr. Wadana Djr. Patih djeung Djr. Doktor ti Madjalengka noeloengan noe katjilakaan. noe tatoe aja 16 djelema.

—o—

Di distrik Djamboe bawahan Poerwokerto aja 10 djelema noe maot koe pest.

—o—

Landraad di Semarang mere hoekoeman 2½ tahoen ka doea veldpolitie noe geus nganiaja sakitan keur waktoe dipariksa sarta eta sakitan nepi ka maotna.

—o—

Hidji boedak di Soerabaja kageleng mobil. Eta boedak loempat ka hareupeun mobil keur liwat tarik.

Eta boedak tadina hajang nendjo kareta api ngaliwat. Harita keneh eta boedak koe soepir mobil ditoeloengan. Peutingna eta boedak maot.

—o—

Volksraad moepakat pikeun mere subsidie ka Koninkelijke Luchtvaart-Mij reana f 750 reboe.

—o—

Dr Von Weinberg di Frankfort (Djerman) geus bisa njoba niroe njieun karet. Ngan ongkos njieunna katjida mahalna, masi moerah keneh karet geutah tina tangkal.

—o—

Perdagangan loear djeung djero nagara di Australie katjida ripoehna koe lantaran pagawe palaboean marogok 130 kapal tjaritjing bae di palaboean.

—o—

Trotskij djeung Sinowjef di Roeslan pamimpin koeminis koe Pamarentah Soviet Roeslan dikaloearkeun tina parte Koeminis.

—o—

Gemeenteraad di Tjirebon ngajakeun koemisi pikeun mariksa pagaweanana Burgemeester Schotman di Tjirebon. Eta koemisi ajeuna geus anggeus pagaweanana sarta dina laporanana njeboetkeun jen pagaweanana Toean Schotman katjida gorengna.

—o—

Dr. J. van Slooten nelegram ti Bali jen djelema djelema noe maot di Bali lain katerap koe kolera.

—o—

Gemeente bestuur Soerabaja moer stel pikeun ngajakeun 20% tina padjeg Verponding di djero kota Soerabaja. Koe taksiran ieu atoeran nambahan beubeumangan dina sataoen f 175 reboe.

—o—

Pisuisse djeung pamadjikanana doeanana toekang tooneel Cabaret geus dipaehan koe Kuiper di Den Haag, lantaran Kuiper bogoh ka pamadjikanana Pisuisse. Kuiper toeloej maehan maneh..

—o—

Colijn oeroet minister Financien di Nederland tanggal 6 Januari '28 rek mangkat ka Hindia.

—o—


**STOP,!!!**

Mangga linggih heula ka toko abdi ROEKANTA di Lengkong. Tasikmalaja jaktos toko alit, da modalna alit, nanging pangaos mangga bandingkeun sareng toko gede.

Sajagi kaperloean toeangeun sadidinten, panganggo sareng landong-landong patent oge sajagi.



**TOKO**
**Universeel Agentschap**
**NIC MULLER**
Goenoengladoe 15 Telepon No. 26.
**TASIKMALAJA.**

Nembe nampi Verbandtrommel (tempat oebar kaperloean sadidinten).

Perloe keur salaja djelema noe tebih ti doktor.

Katjida perloena keur sadiaan di bale desa soepaja sadaja djelema bisa dioebaran oepama potong, raheut, ragrag, barareuh, njeri beuteung, njeri panon katjida atawa dipatjok oraj.

Dina ieu verbandtrommel sadia sagala roepa oebar kaperloean sapopoë.

Tjoti soemping ka Toko atanapi njeratan engke diterangkeun sagala roepina eta verbandtrommel.

Noe ngadjeng-ngadjeng
**NIC MULLER.**

N. B.
Di toko kenging moendoet prijcourant teu kedah majar.



**Preanger Chemicalien Handel**
**Telefoon No. 76.**

Selamanja sedia roepa-roepa obat patent dan lain lainnja, Minoeman, Seroetoe, Sigaret, Katjamata, Cutex, Boncilla, dan pekakas potret.



**Toko KHOUW SIAUW SENG (Toko BENG).**
Tasikmalaja Telefoon No. 7.

Sajagi Kareta Mesin Simplex sareng sanes-sanes Merk Europa, Band-band Auto Merk Goodrich, Michelin, Goodyear, Dunlop, sakalian sareng parabot pikeun Auto (onderdeelen).

Sajagi roepa-roepa glas (loemoer) saperti Beureun, hedjo, blao, koneng kolot, bodas sareng nganggo strip roepa-roepa, aja deui anoe nganggo leter monogram koe aer mas, sae pisan pikeun soepenier.

Sareng roepa-roepa keler (stopflesch) anoe marodel, roepa-roepa lampoe katre, anoe parantos kasohor kakoewatanana, dina waktoe ajeuna keur rame pisan anoe ngarangga bedil angin (windbuks) pikeun plesiran, nja eta keur bladjar nembak atawa keur manoek, badjing, tjareuh, ganggarangan anoe sok ngaroeksak kana pipinaraan, heulang, kalong, sareng sadjabi ti eta sato sato anoe ngaroeksak, tangtos tiasa kenging koe B. S. A. tea

Lantaran teu nganggo vergunning, noe mawi di sajagikeun njondong 2 roepi anoe kaliber 5½ sareng 4½, nja eta merk B. S. A. anoe mashoer kakiatanana sareng saena, pelorna sajagi tjoekoep, sadjabi ti eta, sajagi roepi roepi Eetservies (stelan piring makan) anoe pikeun 6 djalmi (noe 12 djalmi), sareng roepa roepa djam (lotjeng) Wesminster, erlodji anoe sarae, peso silet peso tjoekoer goenting mesin anoe parantes mashoer kasaeanana, njondong roepi roepi oekoeran filter (saringan tjai) pikeun ngadjagi kawarasan, atawa kasehatan.



**Nembe medal:**

| | | |
|---|---|---|
| Goegoeritan pangadjaran ngadangding | | f 0.02 |
| Kalepatan poetra, dosana iboe rama | | f 0.50 |
| Rasiah koesir | I | f 0.30 |
| " " | II | f 0.45 |
| Neng Hajani | | f 0.50 |

Nampi padamelan tjitakan boekoeboekoe.

**Toko en Drukkerij „PASOENDAN"**
Tasikmalaja.



**NGANOEHOENKEUN.**

Hatoer sewoe noehoen, kalajan pirang-pirang kabingahan kana pitandangna Djrg. EBOD Gedipl. Vroedvrouw linggih di djalan Paledang Bandoeng, rehing andjeunna parantos mintonkeun kanjahna sareng katjintaanana, ngaraksa ka poen bodjo dina waktosna sareng saparantosna ngadjoeroe, dina wengi Rebo ping 8 November 1927, dipoelasora doegi ka 7 dinten lamina.

Indoengna sareng orokna waloeja teu aja sakara-kara.

**Catot Soetadipradja.**
Gang Parendeng' No. 102 Bandoeng.